# Lekòl Piblik Boston

# Kòd Kondwit (COC)

Dacia Campbell, *Asistant Sipèentandant*
Jodie Elgee, *Direktris Senyò, Succeed Boston*
Samuel Depina, *Sipèentandan Adjwen Operasyon yo*

22.9.2021

# Kòd Kondwit Modifye



**BI:** Antoure yon kilti ak kominote ki anti-rasis, ankouraje echanj lib de ide, maksimize kwasans pèsonè, epi devlop oto-ajans elèv yo pandan n ap apiye dwa konstitisyonèl yo.

**OBJEKTIF:** Reyimajine apwòch nou a kreye espas ekitab, sekiritè, ak kolanoratif pou rezoud konfli, aprann, ak grandi andedan kominote skolè nou yo. Atravè evolye pratik li yo ak anbrase yon varyete metòd pou amelyore konstriksyon kominote, ki enkli pratik jistis resoratif ak konstriksyon konpetans sosyal ak emosyonèl.

# Orijin: Chanjman nan COC a Avan



| | |
|---|---|
| **MIZAJOU COC 2010 YO** | • Nou te renonmen Kòd Disiplin nan a yon Kòd Kondwit ki mwens pinitif<br>• Kèk chanjman se te adisyon seksyon sou pèsekisyon, sibè-pèsekisyon, ak modèl jistis restoratif kòm altènatif a sispansyon oswa ekspilsyon.<br>• COCAC (Konsèy Konsiltatif Kòd Kondwit) te fòme an 2010 |
| **MIZAJOU COC 2013 YO** | • Sistèm entèvansyon sipò elèv an nivo te aliyen avèk bi a pou maksimize aprantisaj tout elèv yo pa minimize deranjman epi prezève tan pou aprantisaj<br>• Nou te aliyen Kòd Kondwit la avèk nouvo egzijans yo pou pwosedi legal regilyè yo nan Ch. 222 kòmanse ane skolè 2014-15 la.<br>• Distri a ankouraje pwogrè akademik pou tout elèv yo te sispann oswa mete deyò<br>• Nou te eseye epi dokimante disiplin pwogresif<br>• Chanjman nan pwosesis regilyè, ki enkli estanda pi wo de notifikasyon pou ògmante enplikasyon paran yo |
| **MIZAJOU COC 2016 YO** | • Nou te chanje Kòd Kondwit la pou li reflete fokis la sou aprantisaj ak byennèt sosyal emosyonèl (SELW).<br>• Te genyen chanjman ki anfaze ke disiplin dwe pwogresif. Nou dwe sèvi ak pratik eksklizif tankou sispansyon deyò lekòl la kòm dènye opsyon.<br>• Kreye yon kilti ak kliman pou lekòl sekiritè, sanitè ak sipòtif esansyèl pandan BPS chache elimine inekite pa foni tout elèv yo aksè, resous ak opòtinite egal. |

## Modifikasyon Yo Te Kòmanse An 2018 Pou Konble Sik Revizyon Nou Ak Bi Yo Pou Nou:



# Poukisa Mete COC a Ajou?

## Pati 1

1. Aliyen Kòd Kondwit la avèk Plan Stratejik BPS la

1. Angaje ak enkòpore vwa aksyonnè yo

1. Adopte, aliyen ak aplike langaj nan akò rezolisyon Sèvis Legal an Gran Boston 2017 la:
   i. Okèn sispansyon nan ane K-2
   ii. Limit sou vyolasyon nou kapab sispann elèv nan ane 3-5 pou yo.
   iii. Gad Kò pou Retrèt Dijans
      1. Pwosedi Dekoneksyon Inivèsèl

1. Elimine langaj legal tout kote sa posib

1. Rakousi Kòd Kondwit la pou fè li pi fasil pou itilizatè yo

**Pandan pandemi doub yo, revizyon COC a te pran yon nouvo sans ijans pou nou:**



# Poukisa Mete COC a Ajou?

## Pati 2

1. Revize Kòd Kondwit la avèk yon pèsepsyon anti-rasis

1. Anfaze responsabilite pataje de anplwaye lekòl yo, lidè lekòl yo, elèv yo ak paran yo/responsab yo/gadyen yo nan vanse bi yo

1. Asire sal klas sekiritè, akeyan ak ekitab pa rele antasyon sou ak priyorize itilizasyon mesi pwogresif, altènatif a sispansyon, ak pratik restoratif

1. Aliyen ak aprantisaj an liy pou asire nou te kapab aplike Kòd Kondwit la vityèlman

1. Adrese disparite ki dokimante nan to sispansyon pou elèv Nwa yo, elèv Panyòl yo, ak elèv ki gen andikap yo


Tier 3:
Intensive Supports
Additional individualized services & supports for a few students; should be accessed by only about 5% of the student population.
Tier 2:
Targeted Group Interventions
Programs and services that are made available to some students who need extra support; should involve only around 15% of the student population.
3
2
1
ACADEMICS
WELLNESS
(Social-Emotional, Behavioral & Physical)
Tier 1:
Universal Supports
Core instruction, policy, safe & supportive climate, physical environment and services that all students in a school receive; should be sufficient to serve about 80% of the student population.
Culturally & Linguistically Sustaining Practices
Learning Environment

| KISA CHAK NIVO VLE DI? | *Nivo 1 (Inivèsèl)* | *Nivo 2 (Sipò Vize)* | *Nivo 3 (Sipò Entansif)* |
|---|---|---|---|
| **KI MOUN N AP SÈVI?** | TOUT ELÈV YO | SÈTEN TI GWOUP ELÈV | ELÈV ENDIVIDYÈL OSWA TI GWOUP ELÈV<br>***Tanpri remake: sa a pa vle di yon referans nan edikasyon spesyal nesesè*** |
| **AK KISA SA SANBLE?** | Pou nou ankouraje siksè epi asire tout elèv yo atenn bi akademik yo, devlòpman sosyal, emosyonèl ak fizik yo, ki sipòte rezilta akademik, konpòtmantal, ak sanitè yo an jeneral. | Pou nou entèvni ak adrese bezwen elèv pi egi yo lè sa nesesè.<br><br>Pou nou founi ansèyman vize, ki konsantre sou solisyon pou adrese domèn bezwen nou te idantifye yo avan yo afekte pwogrè elèv la.<br><br>Pou nou amelyore pèfòmans elèv yo anvè nivo metriz nou espere yo. | Pou nou deplwaye ansèyman ak sipò aprantisaj entansif pandan peryòd de tan ki pi long pou apiye elèv ki genyen gwo bezwen ki anpeche yo atenn bi yo pou aprantisaj.<br><br>Pou nou amelyore rezilta elèv yo ak angajman yo nan lekòl pa idantifye ak devlope konpetans sosyal ak emosyonèl elèv yo. |
| | Konstriksyon konpetans sosyal ak emosyonèl, pratik restoratif, fòmasyon ki gen rapò ak prevansyon pèsekisyon ak/oswa sibè-pèsekisyon, edikasyon sante, entèvansyon pou rezolisyon konfli, Plan Entèvansyon pou Prezans, fòmasyon ki gen rapò ak kourikoulòm pou relasyon sanitè, edikasyon sante, entèvansyon pou rezolisyon konfli, Plan Entèvansyon pou Prezans, fòmasyon ki gen rapò ak kourikoulòm pou relasyon sanitè. | Pratik restoratif ak enfòme sou chòk, mantora pou dezeskalasyon vèbal (Safety Cares), manotra, Plan Entèvansyon pou Prezans, Entèvansyon Konpòtmantal Koyitif pou Chòk nan Lekòl (CBITS), konstriksyon konpetans sosyal ak emosyonèl, atelyre Succeed Boston volontè, gwoup manje midi.<br><br>Plan Entèvansyon pou Prezans, Plan Entèvansyon pou Prezans, Entèvansyon Konpòtmantal Koyitif pou Chòk nan Lekòl (CBITS), konstriksyon konpetans sosyal ak emosyonèl, atelyre Succeed Boston volontè, gwoup manje midi | Konsèy, sipò pou kriz, rekòmandasyon nan kominote a, pratik restoratif ak enfòme sou chòk, referans volontè nan Succeed Boston, plan sipò akademik endividyalize, rezolisyon konfli, Evalyasyon Konpòtman Fonksyonèl, Plan pou Entèvansyon Konpòtmantal, Pwogram Sans Dife |

# Enpak

## Lekòl yo

Anba COC sa a nou te fokis sou kesyon, *"Ki travay granmoun yo bezwen fè pou yo sipòte elèv yo pandan nou reyimajine disiplin?"*

- Rekonèt ke granmoun ki nan Lekòl yo responsab pou yo itilize pwomosyon ak sipò prevansyon pou elèv ki sou Nivo 1
- Nan iterasyon avan yo nou te fokis sou entèvansyon ak altènatif a disiplin

Nou te modifye seksyon an nivo yo anba kad MTSS la pou asire yon apwòch ekilibre ak ekitab a kondwit.

Fòmasyon, tan pou planifikasyon ak staf la, ak aplikasyon nouvo modèl la ak opòtinite pou mete tout moun o kouran pou fidbak kolektif, rezolisyon pwoblèm ak pataje pi bon pratik.

## Fanmi yo

- Aprann kisa Nivo 1 sipòte ak kijan li aliyen ak Kad MTSS la
- Pou fòtifye patenarya yo ak lekòl pitit yo
- Konsyans de dwa ak responsabilite pa yo
- Angajman ògmante
- Ògmante opòtinite pou fè patenarya ak lekòl yo




- ❑ Konsèy Konsiltatif Elèv Boston (BSAC)
- ❑ Konsèy Konsiltatif Kòd Kondwit (COCAC), kò ki nonmen pa Komite Lekòl la
- ❑ Ekip Administrasyon Lekòl ki sèvi ak Kòd la
- ❑ Konsèy Paran nan Tout Vil Boston an
- ❑ Sipèentandan Lekòl yo
- ❑ Kabinè Lidè Lekòl Sipèentandan
- ❑ Ekip Egzekitif Sipèentandan an
- ❑ Biwo Avansman Kominotè ak Familyal
- ❑ Biwo Ekite
- ❑ Biwo Twou Opòtinite
- ❑ Biwo Edikasyon Spesyal
- ❑ Sipèentandan Adjwen pou Operasyon yo
- ❑ Chèf Lekòl yo

# Sikilè Sipèentandan ki Kwaze ak COC a

Sikilè Sipèentandan, Edikasyon Spesyal, SPE-15

Sikilè Sipèentandan, Transpò Elèv yo TRN-2

Sikilè Sipèentandan, Inifòm Lekòl SUPT-18

Sikilè Sipèentandan, Sekirite ak Sante Elèv yo nan Atelyre Lekòl yo FSE-06

Sikilè Sipèentandan, Aplikasyon Kòd Kondwit la, SUP-5***

Sikilè Sipèentandan, Direktiv sou Rapòtaj pou Ekite EQT-1 pou EQT-6

Sikilè Sipèentandan, Politik Byennèt, HWD-06

Sikilè Sipèentandan, Politik Telefòn Selilè SUP-09

Sikilè Sipèentandan, Dosye Elèv yo LGL-07

Sikilè Sipèentandan, Politik Prevansyon ak Entèvansyon Pèsekisyon, SSS-18

NOUVO Politik Konsènan Prepare ak Pataje Rapò Ensidan ak Lòt Enfòmasyon Elèv

**Liy Asistans: 617-592-2378**



# Deklarasyon Lekòl Piblik Boston Kont Pèsekisyon Pou Elèv yo

Lekòl Piblik Boston p ap tolere pèsekisyon or sibè-pèsekisyon, nan okèn fòm ni tip, anvè lòt moun, swa an liy oswa an pèsòn. BPS pral rapidman envestige tout rapò ak plent de pèsekisyon, epi pran aksyon rapid ak efikas pou kwape konpòtman sa epi anpeche li fèt ankò.

BPS chache anpeche pèsekisyon atravè itilizasyon atelyon prevansyon ki bati konpetans sosyal ak emosyonèl elèv yo ak konpreyansyon yo de diferans. Elèv ki enkyete oswa vle rapòte pèsekisyon kapab pale ak yon manm staf yo fè konfyans ak tout konfyans yo oubyen yo kapab rele *Espas Sekiritè ak Prevansyon Pèsekisyon an.*

# To Sispansyon nan Pi Gwo Distri yo nan MA

| | Anwòlman | 17-18 | 18-19 | 19-20* |
|---|---|---|---|---|
| **Boston** | **50,480** | **2.1** | **3.4** | **2.2** |
| Worcester | 25,044 | 5.5 | 4 | 2.8 |
| Springfield | 25,007 | 7 | 6 | 4.7 |
| Brockton | 16,024 | 7.1 | 7.1 | 4.9 |
| Lynn | 16,088 | 6.9 | 6.8 | 4.9 |
| Lowell | 14,434 | 5.1 | 5.5 | 3.3 |
| Lawrence | 13,550 | 4.9 | 4.7 | 2.3 |
| | | | | |
| **Pwochen 6 Pi Gwo yo** | **110,147** | **6.2** | **5.6** | **3.8** |
| Eta a | 948,828 | 2.9 | 3 | 2 |

**Done yo nan 19-20 te ka afekte pa pandemi a. Tanpri sonje sa pandan w ap revize done yo, ak pandan w ap konpare done pandan plizyè ane skolè.*

# To Sispansyon BPS




**Done yo nan 19-20 te ka afekte pa pandemi a. Tanpri sonje sa pandan w ap revize done yo, ak pandan w ap konpare done pandan plita over multiple school years.*

# To Sispansyon BPS: Ras




*Done yo nan 19-20 te ka afekte pa pandemi a. Tanpri sonje sa pandan w ap revize done yo, ak pandan w ap konpare done pandan plita over multiple school years.

# To Sispansyon BPS: Popilasyon Seleksyone




**Done yo nan 19-20 te ka afekte pa pandemi a. Tanpri sonje sa pandan w ap revize done yo, ak pandan w ap konpare done pandan plita over multiple school years.*

# Jou Pèdi Poutèt Sispansyon: BPS

Jou pèdi yo rapòte pa pousantaj elèv nan ranjou jou pèdi spesifik.




**Done yo nan 19-20 te ka afekte pa pandemi a. Tanpri sonje sa pandan w ap revize done yo, ak pandan w ap konpare done pandan plita over multiple school years.*

# Ofans ki Lakòz Sispansyon: BPS 19-20

| | Pousan Sispansyon selon Ofans | | | |
|---|---|---|---|---|
| Ofans | 16-17 | 17-18 | 18-19 | 19-20* |
| Ofans non-dwòg, non-vyolan, oswa non-kriminèl | 40% | 36% | 32% | 32% |
| Atak fizik (blesi) | 23% | 23% | 17% | 17% |
| Menas de atak fizik | 15% | 12% | 10% | 18% |
| Batay fizik | 5% | 8% | 14% | 3% |
| Sibstans Ilegal | 3% | 2% | 7% | 7% |
| Zam sou Lokal Lekòl la | 4% | 6% | 5% | 4% |
| Lòt ofans ki gen rapò ak vyolans oswa sibstans | 1% | 4% | 5% | 8% |
| Asèlman Sèksyèl | 2% | 4% | 4% | 4% |
| Pèsekisyon | 3% | 2% | 3% | 2% |
| Vandalism/destriksyon pwopriyete | 2% | 3% | 2% | 3% |
| Vòl | 2% | 0% | 1% | 1% |
| Lòt | 1% | 1% | 1% | 1% |

**Ofans non-dwòg, non-vyolan, oswa non-kriminèl yo enkli:** Vyolasyon règ lekòl yo, Kondwit Dezòd (Konpòtman Deranjan), Vyolasyon Politik Prezans, Ensibòdinasyon (Dezobeyisans)

**Done yo nan 19-20 te ka afekte pa pandemi a. Tanpri sonje sa pandan w ap revize done yo, ak pandan w ap konpare done pandan plita over multiple school years.*

# Pwochen Etap yo





1. Fè fòmasyon pou tout aksyonnè yo, ki enkli paran yo, elèv yo, ak manm kominote a, pandan otòn sa a.

1. Fòmasyon an pral fokis sou analiz kòz rasin sou pouki elèv Nwa ak Panyòl yo ak elèv ki gen andikap yo sibi disiplin dispwopòsyonèl

1. Mete Sikilè Sipèentandan sou Pwosedi aplikasyon Kòd Kondwit la Ajou - # SUP -5

1. Mete atachman COC yo ajou epi tradwi yo nan tout lang yo

1. Revizyon Trimèstryèl de Done sou Sispansyon ak Lidè Operasyonèl yo, Divizyon Lekòl yo ak Komite Re-panse Disiplin nan.

# Apendis



# Etap pou Adrese Konpòtman Deranjan nan Sal Klas la

**Etap 6 Dènye Opsyon:** Si tout etap avan yo echwe epi konpòtman deranjan an kontinye, si sa aplikab, kontakte ekip administrasyon lekòl la pou sipòte ak oswa itilise plis entèvansyon jan sa dekri nan kad MTSS la nan pwosesis Kòd Kondwit BPS la.

Kòmanse ak rapèl de nòm / tach nan sal klas la.

**ETAP 1**
Si konpòtman deranjan an kontinye konsilte ak elèv la. Bay sipò selon bezwen, (e.g.enfimè, rele lakay, pran manje maten).

**ETAP 2**
Si konpòtman deranjan an kontinye, redirije li pou mete elèv la tounen sou tach.

**ETAP 3**
Si konpòtman an kontinye, mete elèv la nan yon sal klas espas separe pandan 5 minit epi bay zouti pou li detenn (e.g., boul strès, kas, dwa lou, materyèl pou desine/ekri).

**ETAP 4** Si konpòtman ò-tach la kontinye fè yon manm staf la akonpaye elèv la nan sal zanmi a, espas pou refleksyon an, oswa sant planifikasyon an

**ETAP 5**
Si konpòtman an kontinye, refere elèv la kote administratè ak/oswa travayè sosyal epi aplike kèlkeswa strateji an plis ke ekip la devlope. Ranje yon reyinyon/ oswa yon apèl sou ak paran/responsab elèv la pou ranfòse atant yo epi rezoud pwoblèm nan.



# KISA KI PASE YON FWA NOU DEPOE YON AKIZASYON PÈSEKISYON & VOYE LI KOTE DIREKTÈ A OSWA YON LIDÈ LEKÒL?

## Etap 1

**Direktè/Lidè Lekòl la resevwa akizasyon pèsekisyon an**

1. Akizasyon pèsekisyon an kapab sòti nan Succeed Boston (liy asistans/fòmilè Google), 311, Biwo Sipèentandan an, DCF, patnè kominotè
2. Akizasyon yo kapab fèt an liy pa nenpòt ki moun atravè fòmilè Google twouve sou sit wèb Succeed ak BPS
3. Fanmi/elèv yo kapab rapòte ak yon anplwaye nan lekòl la

## Etap 2

**Direktè/Lidè Lekòl la kontakte fanmi a nan lespas 48è pou rekonkèt resepsyon rapò a ak pwochen etap yo**

1. Direktè/Lidè Lekòl la kapab chwazi yon moun dziyen pou kontakte fanmi an
2. Staf lekòl la pral enfòme paran/responsab/gadyen ke nou pral inisye epi konplete yon envestigasyon
3. Staf Lekòl la gen dwa bezwen sanble plis enfòmasyon nan faz sa a

## Etap 3

**Envestigasyon inisye pa Direktè/Lidè Lekòl la oswa moun yo deziyen**

1. Paran yo dwe akòde pèmisyon avan nou fè entèvyou ak elèv yo
2. Nou fè entèvyou ak moun k ap sibi pèsekisyon an
3. Nou fè entèvyou ak swadizan agresè a ak temwen yo (si genyen)
4. Nou kreye yon Plan pou Sekirite ak/oswa Plan pou Aksyon, si
5. Nou kontakte fanmi yo selon bezwen

## Etap 4

**Envestigasyon an finalize, konklizyon yo dokimante, pataje ak fanmi yo, epi voye yo bay Succeed Boston.**

1. Nou ranpli epi depoze Fòmilè Envestigasyon Google la bay Succeed Boston. Ou kapab jwenn fòmilè a sou sit wèb Succeed ak BPS
2. Swivi: Nou dwe evalye Plan pou Sekirite a/Plan pou Aksyon an pou efikasite epi fòk nou ofri elèv yo konsiltasyon ak granmoun yo fè konfyans lan oswa Travayè Sosyal Lekòl la
3. Rapòte tout aksyon yo nan SIS.

**RETRÈT DIJANS: Nou pral oblije anrejistre TOUT retrèt dijans yo nan sistèm dekoneksyon inivèsèl la.**

Yon lidè lekòl kapab retire yon elèv tanporèman avan yo bay avi alekri nesesè a epi mennen odyans disiplinè a pandan kritè swivi yo pou Retrèt Dijans aplikab:

1) Si yo akize elèv la te fè yon ofans ki mande sispansyon konfòme ak M.G.L. c. 71 § 37H ¾ (ak jan sa dekri nan Seksyon 8 nan Kòd Kondwit la); epi fòk lidè lekòl la fè ak dokimante efò rezonab alekri nan jou retrèt la pou yo pale ak elèv la ak paran/responsab elèv la pou notifye yo chak de retrèt la ak baz pou retrèt la. Si nou retire yon elèv sou yon baz ijans, lekòl la dwe founi avi vèbal ak alekri obligatwa yo epi konvoke odyans disiplinè a nan lespas de (2) jou skolè. (BPS)

2) Si elèv la poze yon danje kontinye oswa li deranje anviwònman lekòl la nan yon fason materyèl ak sibstansyèl; epi

3) Si elèv la poze yon tel menas ke pa genyen okèn lòt mwayen pou soulaje danje oswa deranjman li poze a apa de retire elèv la nan lekòl la; epi

4) Lekòl la fè aranjman adekwa pou sekirite ak transpò elèv la.

## Konsèy Konsiltatif Kòd Kondwit (COCAC)

## OBJEKTIF & RESPONSABILITE YO



**Misyon Konsèy Konsiltatif Kòd Kondwit la (COCAC)** se pou li founi yon okazyon pou aksyonnè yo travay an kolaborasyon ak Lekòl Piblik Boston pou amelyore politik disiplinè yo epi ankouraje yon klima lekòl pozitif.

Opere ak prensip an jeneral ke refize edikasyon pa yon zouti disiplin apwopriye, **COCAC konseye Sipèentandant lan ak Komite Lekòl la sou:**

- Kesyon de disiplin
- Revize Kòd Kondwit la pou fè rekòmansyon pou amelyore li
- Evalye aplikasyon
- Ankouraje itilizasyon de altènatif a eksklizyon de lekòl la, tankou jistis restoratif